

Sinema ak reyalite mwen nan Ayiti

Arnold Antonin
Film Director & Founder, Arnold Antonin Films
Port-au-Prince, Haiti

Delivered at Florida International University, Miami, Florida, as part of
LACC's 15th Annual Haitian Summer Institute Lecture Series
August 2012

Depi lontan se fim dokimantè m te toujou konn fè. Apresa mvin nan fè fim fiksyon. Men lèm reflechi, m'mete yon ti fiksyon nan plizyè dokimantè m yo. S ou pran pou ekzanp *Le droit à la parole* (1981) li preske yon fim fiksyon nèt, li menm. M filme yon pyès teyat nan lane 2002 epi madapte-l timidman nan cinema. Depi lè a, mwen fè 2 lòt fim lonmetraj fiksyon ak anpil koumetraj fiksyon.

M toujou konsidere tèt mwen tankou yon dokimantaris. M son dokimantaris, zantray mwen nan tout pwofondè reyalite peyi m Ayiti. Menm si sa Térance di an Valab pou mwen : «Pa gen anyen ki se zafè moun ki etranj pou mwen ».

Tout fim mwen yo, ke se dokimantè, ke se fiksyon, yo gen yon sèl tèm: Ayiti, menm lè m pase 20 tan ekzil, lwen tè sa a. Ayiti bousòl mwen. Pwen de retou mwen, ke m pa janm sispann montre, reprezante, kesyone, chache. Reyalite Ayiti ak reyalite pam, se de bagay sa yo map eseye fè kontre epi reprann nan fim mwen yo. Menm si m'rann mwen kont mwen toujou gen pwoblèm nan travay mwen sou reyalite sa a : Mwen toumante ak peyi sa a kap fin deperi e menm kote an ki tou toujou parèt pou mwen tankou yon kote ekstraòdinè. Georges Bernanos te di: « Yon sèten degre optimis kay lach yo bay mezi eksak lachte yo”.

Jounen jodya, tèt klè, lucidité, anpeche nou optimis. Dapre René Char, tèt klè sa, se blesu ki pi pre solèy la. Nan Ayiti pa nou an, Ayiti jounen jodyan, pa kapab genyen okenn patryòt, ni okenn atis ki byen ere. Poutan sa tap pi rès si nou ta sispann travay epi bay vag a yon avni ka miyò. Map reklame dwa pou peyim reyisi. Se nan fim mwen yo ak rechèch sou reyalite ayisyèn nan map pouswiv rechèch sa a. Se sa a mwen vle esplike koulye a.

Dokimantè, sinema reyalite ?

Nan sinema a nou ka distenge twa gran kategori : dokimantè, fiksyon ak animasyon. Si nap pale de sinema ak reyalite, tou dabò se poun ta mete dokimantè ak reyalite an relasyon.

Sinema kale nan vant dokimantè, tankou jan ki pi vivan pou fè potre imaj la vi an. Fotografi an se te yon mwayen ekstraòdinè pou lòm te kapab kapte vi an sou diferan fòm, men sinema a nan avansman li, pran la vi an an mouvman. Apresa vin genyen son ak pawòl. Ki mwayen ki ka rann reyalite a pi byen ? Kijan sa ap ye si yo ta fè fim an twa dimansyon epi lè yo ajoute odè? Yo rele fim dokimantè sinema reyalite paske se tankou lap rakonte verite vi an pi plis pase nenpòt lòt mwayen. Konbyen mo, konbyen paj nou ta bezwen pou-n ta kapab reprann sa yon dokimantè ki dire yon minit ap di nou sou aspè vizib la vi an ?

Nan tout ekspresyon li yo, dokimantè a vini yon sinema syans zimèn ak syans ekzak, aktyalite ak ansèyman. Se yon sinema ki la pou montre n reyalyte a epi ban nou mwayen pou nou fouyel pi fon toujou. Se yon enstriman de konsepsyon ki bay reyalyte a jan li ye a, yon fason san parèy pou kapte-l, enrejistre-l epi prezante-l.

Mèt mo a lanse: reyalyte an jan-l ye a. Men nou pale tou de reprezantasyon reyalyte sa a. E si dokimantè pat yon reprezantasyon reyalyte a jan-l ye a, jan nou kwè li a ?

Ki kote nou mete sibjektivite sineyas la nan reprezantasyon reyalyte sa a ?

Lè nap fè yon fim dokimantè, kèlkeswa reyalyte nap montre a gen yon pwèn de vi. Réalizatè a gen yon fason li wè pou-l mete kamera a sou yon pwèn nan sèk 360 degre ke bagay lap fime a andan-l lan. Operasyon montaj la, nan moman pòspwodiksyon bay anpil kout sizo nan reyalyte a. Ann panse a kesyon tan an nan fim lan. Selon rit mwen vle bay istwa m lan, mwen redwi ane, mwa, semèn nan kèlke minit. Map refere nou yon seri de gran dokimantaris: Flaherty, Dziga Vertov, Jean Rouch, Joris Yvens, Chris Marker, Santiago Alvarez etc...

Nan travay mwen, yon bò gen jefò pou rantre epi reprezante reyalyte a men gen tou yon entansyon: Pou n chanje reyalyte sa a pandan nap angaje espektatè a nan chanjman sa a. Mwen chèche enflyansè-l, e reyalyte pam, menm nan dokimantè, mwen remanye-l, li vin dramati ak powezi, li menm vin retorik avèk figures de style li yo. (...Mwen ki kontinye kwè ke Verlaine te gen rezon mande pou yo kenbe elokans lan epi tòdye cou-l !) Chwa sa yo, ke tout sineyas fè, yo antièman sibjektif. Yo tradwi istwa, kilti, fòmasyon sansiblite imèn ak sosyal sineyas la. Patipri li yo. Menm si 2 sineyas ta filme menm sijè ou byen menm objè, se pa tap janm menm bagay. Sa pèmèt nou elwanye nou de lide ke sinema a se yon syans ekzak pou mennen nou a lide ke sinema dokimantè a ka sèlman yon zouti o sèvis syans yo.

Pou di sa yon lòt jan, nan reyalyte ki dekri la a trè souvan gen tout yon pati ki lye a limajinasyon ak fantasm moun kap filme an. Sa oblije nou redimansyone afimasyon ki fè konnen ke dokimantè a se lareyalyte tout bon vre. Sibjektivite se yon pati nan reyalyte li. Men, se kisa ki distenge li de sinema fiksyon an ? Godard te di : dokimantè se meyè fim fiksyon e fim fiksyon se meyè dokimantè. Se li menm tou ki te di tout bon dokimantè fini pa sanble ak fiksyon e tout bon fiksyon ak nan dokimantè.

Pati sibjektif travay dokimantaris la sèten. Sa kapab mennen l tou a la deriv. Gen 2 bagay ki kapab limite deriv sa yo e anpeche ke dokimantaris se synonyme pwopagandis osnon piblisite. M-ta kapab di premye a se onètete, ak senserite dokimantaris la mete nan travay li. Pou mwen menm, rapò ak laverite se nan onètete ak senserite yo ye. Mwen pa cache kote sibjektif travay mwen an, nan chwa tankou nan trètman sijè a... men mwen gen yon pwofon respè pou objè fim mwen an. Mwen kapab twonpe m nan yon seri de apwòch, men espektatè a avèti. Yon lòt konsiderasyon se metodoloji apwòch sijè an. Mwen kwè tout dokimantè ki bon, baze sou yon rechèch serye.

Pou mwen menm, ak sinema dokimantè-m nan, map eseye sove yon pati nan memwa pèp ayisyen an, yon pati nan patrimwan li, pou yo pa disparèt nan kacho memwa yon peyi kote gon konplo pèmanan kont listwa. Yon katastwòf fè bliye sak te la avan an pandan ke nap ret tann sak

gen poul vini an san reyaksyon. Mwen fè yon fim sou katastwòf 12 janvye 2010 lan : pi gran swè mwen, se pou yo pa bliye efè yon katastwòf konsa pou si l ta retounen menm jan ankò li pa fè tout dega sa yo. Lè ou pa gen memwa ou kondane pou repete tout erè pase yo epi antreteni tou yon panse sikilè ki domine tou nan peyi nou. Se pou menm rezon sa a mwen te fè « *GNB kont Attila ou yon lòt Ayiti posib* » en 2004. Plizyè fim mwen yo sou atis yo ak travayè yo, ap eseye bò kote pa yo rekreye inivè yo nan yon seri ti mize pèsònèl. Yo vle tou kontribye nan chanjman reyalyte ayisyenn nan ki domine pa yon doub foli : yon bò, foli destriktè predate yo e yon lòt bò, foli kreyatris atis yo.

Foto, kadraj, montaj, mizik san mizansèn fè ke dokimantè an pa sezi reyalyte « brut » lan jan yo pretann li an, men yon reyalyte transfigire ak tout entèvansyon ki fèt yo. Pwezi, ar an jeneral, pèmèt nou rann reyalyte a nan pwop verite li, konsa sa vin jwenn demach syantifik la. Men se yon sèl pati nan verite ke nou ka rann. Jan Robèto Rossellini di li, fò montre pati sa nan aspè ki pi pwovokate li yo, ki pi eksplozif yo.

Nan rapò dokimantè a ak reyalyte a, mwen kapab di sinema a gen yon don pou-l rann reyalyte a pi reyèl bay espektatè yo. Se yon fonksyon dobjektivasyon. Kote gen yon gwo responsablite sineyas la antan ke kreyatè, estimilatè ak akseleratè emosyon, menm kant li chwazi distansyasyon brechtienne. An 1992, avèk 2 nan etidyan m yo nan Lekòl Nasyonal dèza, mwen reyalyze an VHS « *Port-au-Prince, la 3ème guerre mondiale a déjà eu lieu* », yon fim sou monstriyozite iben kapital la. Moun ki chak jou ap rankontre reyalyte sa a ke yo adapte yo avèk li, sanble te vin dekouvri pou premye fwa. Se te yon chòk itil.

An konklizyon, dokimantè a, kèlkeswa entansyon li yo, sètènman gen yon pati nan sibjektivite ak imajinè e li pa yon fotokopi reyalyte an, ni tou li pa yon reprezantasyon kap eseye imite l. Ebyen kisa ki separe dokimantè a de fiksyon an ?

Nan sinema, dramati an se yon ar pou rakonte istwa yo avèk imaj ak son. Gabriel Garcia Marquez te rele kou sou ekriti senario li yo : ar pou rakonte. Ke se swa ak yon dokimantè osno ak yon fiksyon, ou rakonte yon istwa. Dokimantè a, ou fèl sou yon materyo ki rele reyalyte epi fiksyon an ou travay li sou limajinè. Nan 2 ka yo, sa-m swete pèsònèlman se enterese piblik mwen an. Lèm reflechi byen, mwen te toujou eseye ap rakonte istwa. Lèm te piti, mte konn ekri nouvel an kreyòl mte konn li pou zanmi mwen. Koulya mwen mete fim lan nan plas kont yo.

Fiksyon ak reyalyte

An Ayiti, maladi sida a vin yon pwoblèm sante piblik. M tèlman wè dè moun mwen, atis ou de senp sitwayen disparèt kem vin santi fòm aji. Mwen fè plizyè dokimantè sou tèm sa a : « Les orphelins du sida », « Les femmes enceintes, porteuses du virus » etc. men m vin rann mwen kont ke dokimantè a te limite. Li touche sèlman yon ti pati nan piblik lan e yon fason diferan de fim fiksyon an li menm. Dokimantè a se sa ke syantifik yo rakonte an, moun ki konnen. Se byen, men piblik la pran li a distans tankou diskou serye. Fiksyon an se yon lòt bagay. Li reprezante yon lòt reyalyte, pi enteresan toujou pou espektatè a. reyalyte yon istwa ou byen yon fab kote li kapab bay lavi a ero li yo, kote gen de eleman ki rantrè kap pale avèk kè li, touche yon seri de santiman ke dokimantè a kèlkeswa kreyativite li pa kapab touche. San konte move abitud sinema

a ak televizyon bay. Dokimantè a riske fatigel. Fiksyon an gen plis chans pou-l enterese ak aji sou lespri l. Se atitud spektatè a.

Se konsa mwen reyalize, apre dokimantè sa yo, fim fiksyon « Le président a-t-il le sida ? », yon fim dè milyon moun wè. Moun sa yo kontinye ap pale de fim sa toujou... mwen rankontre 2 travayè nan ayopò Miami kap palem de fim nan, de pèsonaj yo avèk yon admirasyon, tankou dè moun kem te konnen déjà. Mwen pa ditou si ke moun sa yo fè otan pou dokimantè m yo ki trete menm tèm nan.

Dabitid jan yo konsevwa li, fiksyon an nan domèn kreyasyon an menm. Fim fiksyon an baze sou limajinè, ki depase reyalite a, li kreye avèk aktè, pèsonaj, fwi imajinasyon an. Otan se vre? Yon fim fiksyon, nan yon sèten mezi menm fim syans fiksyon yo, pou yo ka kredib, dwe respekte verite psikolojik pèsonaj li yo, plase yo nan yon kontèks istorik, yon kontèks materyèl, yon kontèks sosyal, avèk dekò... Pi bon fim fiksyon yo gen pou baz yon rechèch serye sou reyalite a. Aktè yo menm fonde travay yo nan prepare yo ak konpoze pèsonaj yo sou rechèch detaye.

Eske se sans pawòl Jean-Luc Godard yo : *“meyè fim dokimantè a se fim fiksyon an e meyè fim fiksyon an, se fim dokimantè a?”* sa vle di, lè nou vle dokimantè nou sou yon peryòd istorik, li pa sifi pou gade dokimantè epòk la. Fiksyon yo tou se dokimantè, se temwen. Kiyès ki kapab di plis sou reyalite atistik, nivo entèlektyèl, gou yon pati popilasyon an ke fim fiksyon ki pwodui nan epòk nap pale a ?

« Olivia » ak « Echech au silence » de Bob Lemoine, « Anita » de Rassoul Labuchin, fim sa yo te reyalize an Ayiti nan lane 1970 yo, yo di otan sou peryòd sa a ke liv yo... Si nou kapab li fim. « Haitian Corner » de Raoul Peck, pale de epòk Duvalier ak sinema epòk sa a. Tout fim video ane 2000 yo, de Raphael Stines, de Reynald Delorme, de Jean-Gardy Bien-Aimé, de Frédéric Surpris, de Khameliaud Moïse, de Richard Sénécal, de Jean-Claude Bourjolly, de Mora Junior etc... temwanyen kilti peyi an ak kilti sineyas nou yo.

Nou fini pa konprann ke frontyè ant dokimantè ak fiksyon nan relasyon yo avèk reyalite a pa osi klè jan nou kwè lan. Eske finalman pa gen okenn diferans ant fiksyon ak dokimantè?

Poun sezi reyalite a ki se yon grenn bagay konplèks, nap bezwen fè separasyon ak klasifikasyon. Pa komodite e pa konvansyon, jan syantifik yo di li. Poun sezi reyalite a nan sinema a, nou bezwen divize fim yo an dokimantè, fiksyon, animasyon. Ekzèsis sa enpòtan e li revele-l nesès pou konprann reyalite a.

Reyalite ak imajinè an Ayiti

Men lè tout bagay parèt klè, pou nou menm ayisyen, fwontyè yo pa osi klè. An deyò de tout referans nan sinema a, reyèl ak imajinè an Ayiti makònen. Fwontyè a ant reyalite a ak rèv la, majik la ak natirèl la, saw kapab touche ak saw pakapab wè a, saw santi lèw touchel ak metafizik la, mond mò yo ak mond vivan yo totalman flou nan vi n chak jou nan tout dimansyon sa yo nou viv yo yon fason makònen oubyen nan menm degre nan lavi nou toulèjou ki genyen. Kijan sineyas ki vle pale de reyalite a ap fè, menm si li travay nan de kondisyon kote sa yo rele la rezon pa la.

Alejo Carpentier, yon ekriven kiben, te konsakre reyalism majik la avèk yon chedèw li, « *Le royaume de ce monde* », ke-l te plase an Ayiti. Jacques Stephen Alexis, map travay yon dokimantè sou li aktyèlman, teyorize li nan yon ekri sou reyalism mèveye a. Li ekri : « Ar ayisyen tankou Ar lòt pèp dorijin nèg yo diferansye li anpil de lar okisidantal ki anrichi nou an. Lòd, bote, lojik ak sansiblite kontwole, nou te resevwa tout sa men nou panse depase li. Ar ayisyen an prezante reyèl la avèk eskòt etranj li, fantastik li, rèv li, mistè ak bèl mèvèy : bote fòm yo pa janm yon bagay konvansyonèl, yon objektif prensipal, men ar ayisyen an rive ak tout mwayen, menm sa yo ki di li lèd yo. Oksidan greko latine nan tann twò souvan a entèlektyalizasyon, a ideyalizasyon, a kreyasyon kanon pafè, a inite lojik eleman sansibilite yo, a yon amoni fikse davans. La pa nou an gen tandans bay yon reprezantasyon sansyèl reyalite a, pito itilize enttwisyon, fòs ekspresiv. La pan ou an fè bak devan bagay ki difòm, ki choke, ki gen kontras vyolans etc... »

Garcia Marquez ak tout yon pleyad ekriven, ekriven ayisyen tankou René Depestre, Franketienne, Jean-Claude Fignolé ak patikilyèman Gary Victor, yo kontinye ap fè nou viv mond majik sa a. Te genyen kèk tantativ adaptasyon sinematografik ki ale odela baroque la ak likzirians twopikal la.

Bò kote pam, mwen eseye a pati de yon senaryo Gary Victor poum restitiye reyalite sa a ak « *Les amours d'un zombi* », kote imajinè a ak reyèl la fè yon sèl. Pou mwen menm se te yon fason poum amizem. Men piblik la te resevwa fim sa a avèk gran serye. Entèlektiyèl tankou Laennec Hurbon, Roody Edmé, Claude Pierre oubyen ankò Roland Léonard te twouve se te meyè apwòch posib reyalite ayisyèn nan, yon reyalite pwofon, youn nan kouran de fon ki te fèt nan sinema. Dapre Pierre Clitandre, se yon fim fondatè paske li branche de lenteriyè avèk vrè kilti ki domine peyi a.

Lèn melanje yon istwa preske klasik ak de bagay ki soti nan rèv de bondye dezòd yo ak mòso nan vi sosyal ayisyèn nan, fim nan debouche sou yon fin moun pa ka konprann ki pa eklèsi anyen. Men sa nou te ekri nan nòt dentansyon nou an : limanite pèsonaj zombi an se yon miz an relièf pèsonalite ayisyen an menm an kontradiksyon ant yon kilti ki pa rive evolye nan rit tan an ak yon sosyete ki pa kapab fe anyen pou tèt li. Fim sa a vize tou rekiperasyon kote « pikarèsk » yon kokenn seri de pèsonaj ayisyen tradisyonèl. Zombi an kap woule bòkò a ni moun ki vin reklame-l pou akonplisman de travay ki pa rekòmandab, trè pwòch Malice, yon pèsonaj ke tout ayisyen te konnen pandan anfans yo. Menm jan ak bòkò a, politisyen yo sanble trè pwòch Bouki, rival malis nan lemal.

Men sak tante nou plis nan reyalizasyon fim sa a, sete rive a yon pwopozisyon estetik, avèk nouvèl itilizasyon gwotèsk lan ak burlesque lan, ki pèmèt nou pozisyon nou pi byen nan espas sa a kote aktè nan vi ayisyèn nan sanble ap evolye, yon kote imajinè a ak reyèl la konfonn, yon kote espri yo rantrè nan konpetisyon avèk moun, yon kote ke moun yo bliye espas yap viv lan pou yo fonksyone nan yon lye vityèl kote kòd yo evolye o gre ekzijans yo de yon sivi ki déjà yon mò degize.

Mwen fè yon fim ki fè moun ri epi ki fini ak yon douch frèt. Kijan fè fiksyon sa a ki pi fou kem fè, rive entèprete tankou reyalizasyon ki pi pwòch de reyalite ak kilti ayisyèn nan ?

Sitiyasyonis me 68 yo, teorisyen sosyete espektak yo te gen yon slogan: “Ilizyon reyalite a egal a reyalite yon ilizyon”. Mwen pa vle rive nan okenn ekspoze filozofik sou reyalite fizik la ak reyalite kwayans mond. Men fòn konveni travay pou fè yon sinema reyèl ke m ta ka opoze a yon sinema imajinè vin pi konplike nan kontèks sa a ke si poum ta fè yon sinema imajinè ki anbrase reyèl la.

Ki reyalite sinema nou ta dwe tradwi ?

Nan Yaoundé, jounal Cameroun nan, si-m raplem byen, te piblye apre pwojeksyon fim « Les amours d’un zombi », yon atik « Le paradoxe haïtien dévoilé ».

Haïti, terre de paradoxes. Haïti, le paradoxe !

Sa fèm a panse ke se sa paradòks la sinema nou an ta dwe montre si-l vle montre reyalite nou. Sosyete nou an fèt de reyalite kontradiktwa, aparaman enkonsiliab e kap fonksyone selon lojik totalman diferan. Anna Freud di la rezon kay kretyen vivan entèveni pou jistifye konpòtman men se pa pou oryantel. Rasyonèl la okipe yon plas majinal nan demach sosyete nou an. Dyalektik la sipoze ke nan bout opozisyon kontrè yo, yon sentèz parèt. Okontrè, nan bout paradox lan, pa genyen sentèz ni de saut qualitatif, mais l’entropie. Ou l’émblouissement esthétique.

Madanm mwen renmen di : « Ayiti se yon paradi enfènal ». Herbert Gold piblye yon liv ki entitile: “Ayiti, pi bon kochma sou la tè ». De pwen de vu sa a, se yon peyi fasinan : Yon peyi toutantye ki parèt tankou yon kokenn chenn oxymore vivan. Atrè inivèsèl peyi sa a, an deyò kalkil jeopolitik yo ak elan imanite yo, eksplikel tou pa aspè etranjte sa a. Men lè pakèt povrete sa a ak tout kòtèj soufrans li mele tèt yo ansanm, reyalite sa a vin twò du... ensipòtab, inakseptab.

An Ayiti, nan estetik nou koulyea, yon melanj naif, kitsch, barok, grandilokans, sireyalism, grotesk siblim, teyatralite otantik akote kabotinaj leve an ar siprèm de reprezantasyon an, kilti trash, yon fòm amoralism pòsmodèn ak prensip ak pratik ansyen. Menm gen yon estetik delabreman ki ta kapab sèvi enòmeman a yon psykopatoloji de lavi toulèjou nan an Ayiti, yon ti jan tankou jan psykiat ayisyen an, Legrand Bijou te kòmanse devlope ak tankou jan yon seri de rapè fèl si byen. Jounen jodya fòn ta ajoute tout eleman ki nan kilti pop yo ak videoklip afro ameriken yo nan aspè komèsyal ki pi vilgè yo.

Mwen konsevwa ke tout engredyan sa yo ak koekzistans tan yo fè atis yo kontan epi bay yon matyè yon miwa ekstraòdinè pou romansye ak sineyas yo. Men nou souvan oblije kole nan senplisite. Souvan nou sakrifye a reyèl la. Se Léonard De Vinci ki te ekri : « Senplisite se fòm sofistikasyon ki pi fen ». Lè nou senp epi presi sa fè nou riske pou nou didaktik. Gran atis senegalè a, Ousmane Sembène te konn pwone avèk panache yon fòm didaktism. Fòk nou kapab nou menm tou ekzòte a yon pedagoji, pedagoji chanjman an, nan sinema nou an. Nou gen responsablite pou nou klè ak pèp nou an e poun fè yon sinema kap edel nan konba sekilè li e chak jou. Menm lè sa riske senplifye reyalite sa a.

Pou-m konkli, m-ka di li bon pou fè fim divètisman. Men tou, Ayiti bezwen de fim kritik sou reyalite ke nap viv la. Fim kap kreye sans, kap kreye kontni. Nan fiksyon tankou nan dokimanè.

Rechèch yon langaj sinematografik apwopriye a identite-n, a chwa estetik nou yo, epitou ki kapab popilè, rete yon teren ouvè, san kloti.